

**TRADHISI SIRAMAN ING GROJOGAN SEDUDO KABUPATEN NGANJUK**

**(TINTINGAN FOLKLOR)**

**Yuni Ardiyanti, Dra. Hj. Sri Wahyu Widayati, M.Si**

**Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya**

**Email : maghfurardiyanti@gmail.com**

**Abstrak**

Tradhisi siraman iki minangka sawijine pakulinan kang ditindakake dening masyarakat Nganjuk ing wulan Sura. Tradhisi siraman iki wis tau diteliti saka aspek kabudayan. Ing kalodhangan iki tradhisi siraman bakal ditintingi saka aspek folklor, amarga tradhisi siraman iki uga minangka folklor saperangan lesan. Tradhisi siraman minangka folklor saperangan lesan arep ditintingi mligine ngenani makna lan fungsi folklor kanggo masyarakat.

Adhedhasar landhesan panliten ing ndhuwur, punjere panliten yaiku: 1) Kepriye wujud folklor saperangan lesan sajrone Tradhisi siraman ing Grojogan Sedudo, 2) Kepriye makna folklor sajrone Tradhisi siraman ing Grojogan Sedudo kanggo masyarakat panyengkuyunge, 3) Kepriye fungsi folklor sajrone Tradhisi siraman ing Grojogan Sedudo kanggo masyarakat panyengkuyunge, lan 4) Kepriye *eksistensi* tradhisi siraman ing Grojogan Sedudo Dene tujuwan panliten iki yaiku ngandharake wujud, makna, fungsi folklor lan *eksistensi* tradhisi siraman kanggo masyarakat panyengkuyunge.

Tradhisi siraman ditintingi kanthi metodhe dheskriptif kualitatif kanthi pamarekan folklor. Babagan wujud tradhisi nggunakake teori folklor miturut Brunvard. Dene babagan makna lan simbol kang kinandhut ditintingi kanthi teori semiotik Pierce. Babagan fungsi folklor kanggo masyarakat nggunakake teorine Dundes. Objek kang ditintingi yaiku tradhisi siraman. Instrumen panliten iki awujud dhaptar pitakonan. Teknik nglumpukake dhata ing kene ana teknik *observasi*, teknik wawancara, lan teknik *dokumentasi*. Tatacara nganalisis dhata panliten kualitatif yaiku *open coding*, *axial coding*, lan *display coding*.

Asile panliten sing sepisan yaiku bab wujud fisik bisa dideleng saka tatalakune lan ubarampe kang ana ing tradhisi siraman kasebut. Tatalakune kapisan yaiku slametan malem 1 Sura, esuke ana sawur puspira, amek tirta, menehake banyu suci menyang genthong lan adus ing ngisore Grojogan Sedudo. Ubarampene ana wedhus kendhit, sega tumpeng sak lawuhe, kain kafan, kembang setaman, menyan lan jenang sengkala. Bab wujud lesane saka donga-donga kang ana nalika slametan kang dipimpin dening juru kunci Grojogan Sedudo. Makna folklor saka sakabehane yaiku nyuwun marang Gusti supaya tansah diwenahi berkah lan didohne saka bebaya. Fungsi folklor saka sakabehane yaiku minangka wujud syukur marang Gusti lan nglestarekake adat kang wis turun-temurun. Eksistensi tradhisi siraman yaiku masyarakat lan pemerintah tansah njaga tradhisi iki wiwit jaman ndhisik nganti saiki senajan ana owah-owahan nanging ora ngilangi tradhisi kang asli.

**BEBUKA**

Indonesia kalebu negara kang tlatahe jembar lan nduweni pendhudhuk kang maneka werna. Saben dhaerah uga ana kabudayan dhewe-dhewe kang nduweni ciri khas saben dhaerah siji lan sijine. Kabudayan ngemu teges minangka sakabehe pamikiran lan asil karyane manungsa kanthi sarana pakulinan anggane padha ngangsu kawruh (Koentjaraningrat, 1987:15). Sudikan (2001 : 4) ngandharake kabudayan Indonesia diperang dadi telung golongan, antarane yaiku: (1) kabudayan nasional, (2) kabudayan dhaerah, lan (3) kabudayan lokal. Tradhisi siraman ing Grojogan Sedudo iki kagolong sawijine kabudayan lokal

amarga nduweni corak lan werna dhewe kang beda saka panggonan liya lan nganti saiki isih diuri-uri. Senajan ana owahe amarga pangaribawa globalisasi lan jaman kang saya maju, ning tradhisi iki isih ana lan ora ngilangi makna sarta fungsi tumrap masyarakat mligine ing Kabupaten Nganjuk. Tradhisi siraman ing Grojogan Sedudo iki kalebu folklor saperangan lesan. Miturut Brunvand (Danandjaya, 2007:21-22) folklor saperangan lesan (*sosiofact*) yaiku folklor kang wujud minangka campuran unsur lesan lan ora lesan.

Tradhisi siraman iki kagolong folklor saperangan lesan amarga ana rong unsur yaiku unsur fisik lan lesan. Adhedhasar andharan kasebut,

## *Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo Kabupaten Nganjuk (Tintingan Folklor)*

tradhisi iki bisa dadi sawijine tradhisi kang nduweni nilai kang luwih tinimbang tradhisi liyane. Panliten ngenani tradhisi siraman iki sangertine panliti durung tau ditindakake kanthi tintingan folklor. Mula ana kalodhangan iki tradhisi siraman ditintingi saka wujud, makna fungsi folklor lan eksistensi tradhisi siraman kanggo masyarakat panyengkuyunge. Mula saka iku anane panliten ngenani tradhisi siraman ing Grojogan Sedudo (tintingan folklor) kanggo nggoleki sejatine wujud, makna, fungsi folklor lan *eksistensine* tradhisi siraman.

### **Underane Panliten**

Saka andharan ing ndhuwur bisa didudut underane kang kaya mangkene, yaiku:

- (1) Kepriye wujud folklor saperangan lesan sajrone tradhisi siraman ing Grojogan Sedudo?
- (2) Kepriye makna folklor sajrone tradhisi siraman ing Grojogan Sedudo kanggo masyarakat panyengkuyunge?
- (3) Kepriye fungsi folklor sajrone tradhisi siraman ing Grojogan Sedudo kanggo masyarakat penyengkuyunge?
- (4) Kepriye *eksistensine* tradhisi siraman ing Grojogan Sedudo?

### **Tujuwan Panliten**

Adhedhasar underane panliten ing ndhuwur, nuwuhake tujuwan saka panliten iki. Tujuwan panliten iki bakal dijlentrehake kaya ing ngisor iki.

- (1) Ngandharake wujud folklor saperangan lesan sajrone Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo.
- (2) Ngandharake makna folklor sajrone Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo kanggo masyarakat panyengkuyunge.
- (3) Ngandharake fungsi folklor Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo kanggo masyarakat panyengkuyunge.
- (4) Ngandharake *eksistensine* tradhisi siraman ing Grojogan Sedudo.

### **Paedahe Panliten**

Adhedhasar tujuwan panliten ing ndhuwur, nuwuhake paedah saka panliten iki.

### **Paedah Umum**

Panliten iki kanggo menehi gambaran anane tradhisi siraman ing Grojogan Sedudo Kabupaten Nganjuk kanthi tintingan folklor, kanggo inventarisasi lan ndhudhah nilai-nilai folklor sarta

ngrembakake ilmu folklor kang dadi kabudayan Jawa.

### **Paedah Khusus**

- (1) Nambahi kawruh kanggo panliten-panliten liyane ngenani tradhisi Jawa mligine upacara Tradhisi Siraman kang ana ing papan wisata Grojogan Sedudo Kabupaten Nganjuk.
- (2) Nglestarekake tradhisi Jawa mligine upacara Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo Kabupaten Nganjuk.
- (3) Menehi kawruh bebrayan yen ing Nganjuk ana obyek wisata budaya yaiku Tradhisi Siraman.
- (4) Nambahi *referensi* bab tradhisi Jawa tumrap piwulangan basa Jawa ing sekolah.
- (5) Minangka *dokumentasi* Dinas Kebudayaan lan Pariwisata Kabupaten Nganjuk.

### **Wewatesane Panliten**

Tujuwan saka anane wewatesan panliten iki supaya ora uwal uga trep saka konsep kang wis karonce. (1) Tradhisi minangka sakabehe adat, kapercayan, lan liya-liyane kang diwarisake para leluhur (Poerwadarminta, 1939:3). (2) Kabupaten Nganjuk minangka sawijine perangan dhaerah saka propinsi Jawa Timur kang manggon ing wilayah kulon. Kabupaten iki winatesan karo Kabupaten Bojonegoro ing sisih lor, Kabupaten Jombang ing sisih etan, Kabupaten Kediri lan Kabupaten Ponorogo ing sisih kidul, lan Kabupaten Madiun ing sisih kulon. Ing jaman biyen, Nganjuk dikenal nganggo jeneng Anjuk Ladang. Nganjuk uga dikenal nganggo istilah Kutha Bayu (Wikipedia). (3) Folklor yaiku tradhisi kolektif sawijine bangsa kang disebarake awujud lisan utawa tumindak saengga bisa sesambungan saka generasi menyang generasi sabanjure (Danandjaya, 1984:2). (4) Siraman yaiku sawijine upacara kanggo nyucekne dhiri pribadhi (Sudarmanto, 2013:313). (5) Grojogan Sedudo yaiku papan wisata kang manggon ing lereng Gunung Wilis, Desa Ngliman, Kecamatan Sawahan, Kabupaten Nganjuk. Grojogan Sedudo ana ing 1.438 meter ing ndhuwur permukaan laut. Grojogan Sedudo dhuwure 105 meter (Wikipedia Bahasa Indonesia, ensiklopedia bebas).

### **TINTINGAN KAPUSTAKAN**

Tintingan kapustakan bakal njlentrehake ngenani panliten-panliten sadurunge kang saemper

## *Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo Kabupaten Nganjuk (Tintingan Folklor)*

lan ngenani landhesan teori kang digunakake dening panulis sajrone panliten iki.

### **Panliten kang Saemper**

Panliten ngenani tradhisi siraman wis tau diteliti kang dipunjerake bab budaya. Panliten ngenani tradhisi siraman ing Grojogan Sedudo kanthi tintingan folklor iki minangka panliten kang sepisanan, mula panliti mung ngandharake ngenani wujud, makna, fungsi folklor, lan *eksistensine* tradhisi siraman. Ana saperangan panliten sadurunge kang saemper karo panliten iki. Panliten iki ing antarane yaiku panlitene Galih Dwi Purboasri (2014) kanthi irah-irahan *Legendha Ki Ageng Mageti ing Kecamatan Magetan Kabupaten Magetan tumrap Masyarakat Panyengkuyunge (Tintingan Folklor)*. Skripsi iki ngrembug ngenani critane legendha Ki Ageng Mageti, fungsi legendha Ki Ageng Mageti tumrap masyarakat panyengkuyunge, lan tanggapan masyarakat marang legendha Ki Ageng Mageti.

Panliten sabanjure kang saemper yaiku kanthi irah-irahan *Tradhisi Buceng Robyong ing Desa Geger Kecamatan Sendang Kabupaten Tulungagung (Tintingan Folklor)* kang diteliti dening Nila Yafie (2014). Skripsi iki ngrembug ngenani makna lan ubarampe tradhisi Buceng Robyong, banjur makna tata rakite, lan fungsine uga carane nglestarekake tradhisi kasebut miturut masyarakat.

Panliten sabanjure yaiku kanthi irah-irahan *Tradhisi Jamas Pusaka ing Desa Ngliman, Kecamatan Sawahan, Kabupaten Nganjuk* kang diteliti dening Ismudiyanti (2014). Skripsi iki ngrembug kena apa masyarakat Jawa mligine ing Desa Ngliman, Kecamatan Sawahan, Kabupaten Nganjuk nindakake TJP, ubarampe, tatalaku lan makna sajrone TJP, oigunane TJP, lan owah-owahan TJP.

Ing kene panliti bakal ngandharake ngenani makna lan fungsi folklor kang ana ing siraman Grojogan Sedudo. Sajrone tradhisi siraman ana makna saka tata lakune lan ubarampene, uga apa wae fungsi kang ana ing tradhisi siraman tumrap panyengkuyunge. Banjur ditintingi kanthi cara folklor kang dipunjerake kanggo masyarakat panyengkuyunge mligine warga Kabupaten Nganjuk.

### **Konsep-Konsep ing Panliten iki**

Bab iki bakal ngandharake saperangan teori lan konsep kang digunakake minangka landhesan panliten.

### **Masyarakat lan Kabudayan**

Masyarakat yaiku sawenehe manungsa minangka sawijine golongan kang gegayutan kang trep lan nduweni kapentingan kang padha. Salah sawijine masyarakat kang anggotane akeh dhewe ing Indonesia yaiku masyarakat Jawa. Masyarakat Jawa miturut Soekanto (2010:49) yaiku masyarakat kang kaperang saka kumpulane manungsa kang urip bebarengan lan manggon ana ing pulo Jawa bisa nganggo basa Jawa, kang isih mikul dhuwur budaya Jawa lan nduweni identitas dadi wong Jawa.

Masyarakat Jawa nduweni kabudayan kang adiluhung lan didadekake pedhoman kanggo urip ing bebrayan. Kabeh tumindak manungsa mligine wong Jawa ana sesambungane karo kabudayan. Dideleng saka babagan etimologis, kabudayan asale saka basa Sansekerta *buddayah* minangka jamake saka tembung *buddhi* kang tegese akal utawa budi (Koentjaraningrat, 1987:3). Kabudayan dhaerah ing Indonesia kang paling akeh pendukunge yaiku kabudayan Jawa. Koentjaraningrat (1987:25-29) ngandharake yen kabudayan Jawa nduweni maneka warna budaya kang sipate regional ing wewengkone Jawa Timur lan Jawa Tengah.

### **Peradaban lan Folklor**

Miturut Koentjaraningrat (1987:10) peradaban yaiku perangan saka kabudayan kang dhuwur, alus, endah lan maju. Masyarakat kang wis maju sajrone kabudayan kasebut wis nduweni peradaban kang dhuwur. Peradaban bisa uga diarani kumpulan identitas kang amba saka sakabehe asil budi daya manungsa kang nyangkup sakabehane aspek panguripan manungsa bisa awujud fisik utawa non fisik.

Alan Dundes sajrone (Danandjaya, 2007:2) ngandharake yen folklor iku asale saka tembung *folk* lan *lore*. *Folk* yaiku sakumpulane manungsa kang nduweni pratandha fisik, sosial, lan kabudayan saengga ana bedane karo kelompok liyane. Dene *lore* yaiku tradhisi kang diduweni *folk* iku mau, tegese saperangan kabudayan kang diwarisake kanthi turun temurun kanthi lesan utawa

## *Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo Kabupaten Nganjuk (Tintingan Folklor)*

lumantar tuladha kang ana gerak isyarat utawa piranti pambiyantu pangling-eling. Mula bisa didudut folklor Jawa yaiku saperangan kabudayan sawijine kolektif kang manggon ing pulo Jawa lan dilakoni dening masyarakat Jawa.

Jan Harold Brunvand sajrone (Danandjaya, 2007:21-22) merang folklor dadi telung wujud, yaiku: (1) Folklor lesan, (2) folklor saperangan lesan, lan (3) folklor dudu lesan. Ditinting saka andharan-andharan ing dhuwur, mula tradhisi siraman iki kalebu ing wujud folklor saperangan lesan. Bisa diarani folklor saperangan lesan amarga ana unsur fisik lan unsur lesan. Unsur fisik saka tradhisi kasebut yaiku saka tata lakune uga ubarampe kang digunakake sajrone upacara. Lan unsur lesan saka donga-donga kang ana sajrone upacara kasebut.

### **Fungsi Folklor**

Saben tradhisi kang ana ing urip bebrayan kaya-kaya mesthi ngemot fungsi tartamtu marang masyarakat pendukunge, konsep fungsi folklor dipangrasani dening para ahli, ing antarane William R. Bascom lan Alan Dundes Bascom sajrone (Danandjaya, 2007:19) kang ngandharake fungsi folklor tumrap bebrayan panyengkuyunge, yaiku: (1) minangka sistem proyeksi, yaiku minangka piranti kaca bengala sawijine kolektif, (2) minangka piranti pengesahan pranata-pranata lan lembaga kabudayan, (3) minangka sarana panggulawentah, lan (4) minangka piranti pameksa lan pamawas supaya norma-norma masyarakat tansah diugemi.

### **Tradhisi**

Tradhisi siraman iki kalebu adat. Adat yaiku tumindak kang pantes diturut awit biyen mula (Poerwadarminta, 1939:15). Adat uga bisa ateges wujud ideal saka sawijine kabudayan kang ngatur tata tumindake manungsa (Koentjaraningrat, 1987:5). Poerwadarminta (1939:2) menahi andharan yen adat minangka tata cara kang wis lumrah wiwit biyen mula. Adat bisa diarani minangka perangane saka tradhisi. Adat istiadat uga bisa diarani norma kang nduweni daya pangiket lan tuwuh bisa direkadaya.

### **Makna lan Fungsi**

Poerwadarminta (1939:287) makna yaiku teges, katrangan, surasa. Ing Kamus Basa Indonesia, makna yaiku sawijine teges kang ngandharake sawijine bab utawa samubarang kang

ngandhut tujuwan tartamtu. Makna miturut Blumer (1969:2) asale saka interaksi sosial kato wong liya. Makna minangka produk sosial, diciptakake lan ora bisa dipisahake karo objeke. Makna tuwuh saka proses interaksi antarane manungsa karo manungsa liyane. Interaksi antarane manungsa karo manungsa kasebut sajrone rangka komunikasi uga sajrone mangerteni lingkungan sosial lan lingkungan alam (Suwarni, 2006:10).

Tradhisi siraman iki mesthi ngemot fungsi tartamtu marang masyarakat panyengkuyunge, kamangka fungsi tradhisi iku gumantung saka bebrayan kang ngrasakake kanthi umum, kaya Tradhisi Siraman kang ditindakake warga Kabupaten Nganjuk iki uga nduweni fungsi dhewe tumrap masyarakat desa kasebut.

### **Teori Simbolis**

Simbol asale saka basa latin *symbolicum* (kawiwan saka basa yunani *sumbolon*, kang nduweni karep tandha kang negesi prakara tartamtu). Saliyane iku, simbol mujudake objek utawa prastawa apa wae kang nggambarake kekeperan tartamtu (Sudikan, 2001:108). Miturut Susilo (Pierce, 2006:145) tandha kaperang saka :ikon (*icon*), indeks(*index*), lan simbol (*symbol*) kang andharane kaya mangkene: (1) ikon yaiku sawijine tandha kang dumadi adhedhasar ana pepadhan kang memper karo samubarang kang ditandhai, (2) Indeks yaiku sawijine tandha kang nduweni sabab musabab karo apa kang disesulihi, (3) Simbol yaiku sawijine tandha kang ditemokake dening paugeran umum (konvensi).

### **Lelandhesane Teori**

Ing kene bakal ngonceki teori folklor lan teori simbol. Babagan kapisan kang bakal dionceki ngenani tradhisi siraman iki nggunakake teori folklor. Tradhisi iki kalebu folklor saperangan lesan (*sosiofact*) yaiku folklor kang wujud minangka campuran unsur lesan lan ora lesan (Danandjaya, 2007:21-22). Tradhisi iki kedadeyan saka 2 unsur. Kapisan unsur fisik bisa dideleng saka anane ubarampe lan tata lakune upacara siraman iki. Kapindho ana unsur lesan dideleng saka donga-donga kang dipocapake dening sesepuh nalika nglakoni upacara kasebut uga kepriye asal mulane upacara siraman iki dilakoni masyarakat.

Banjur masalah kapindho ngenani makna kang kinandhut sajrone ubarampe lan tata lakune tradhisi siraman ing Grojogan Sedudo bakal

# *Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo Kabupaten Nganjuk (Tintingan Folklor)*

dilandhesi karo teori semiotik panemune Pierce (Luxemburg, 1992:45-46).

## **METODHE PANLITEN**

Metodhe kang digunakake, yaiku miturut perkara sing bakal diudhari ing panliten iki kaya sing diandharake ing ngisor.

### **Rancangan Panliten**

Panliten kanthi irah-irahan "*Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo Kabupaten Nganjuk (Tintingan Folklor)*" iki nggunakake metodhe panliten *deskriptif kualitatif* kanthi pamarekan folklor. Metodhe kang dianggo ing panliten iki nggunakake metodhe *deskriptif kualitatif* kang arupa nyathet kanthi njlimet lan tliti sakabehe kahanan kang dideleng, dirungu lan diwaca sarana wawancara utawa ora, catatan lapangan, dhokumen resmi utawa ora, foto, video tape, dhokumen lan liya-liyane (Sudikan, 2001:85).

### **Objek lan Papan Panliten**

Objek panliten iki yaiku sarana kang didadekake unit panliten. Objek kang ditliti yaiku tradhisi siraman ing Grojogan Sedudo kang ditintingi nganggo teori folklor. Papan kanggo panliten iki ana ing Desa Ngliman, Kecamatan Sawahan, Kabupaten Nganjuk.

### **Objek**

Objek kang bakal ditliti neng kene yaiku tradhisi siraman ing Grojogan Sedudo saka tintingan folklor.

### **Papan Panliten**

Papan kanggo panliten iki yaiku ana ing papan wisata Grojogan Sedudo Desa Ngliman, Kecamatan Sawahan, Kabupaten Nganjuk. kang wigati tumrap masyarakat, mligine warga Kabupaten Nganjuk. Sajrone pangumpulan dhata panliten budaya nemtokake papan panliten dadi sawijine tumindak kang wigati (Endraswara, 2009:114).

### **Sumber Dhata lan Dhata Panliten**

Sumber dhata kang ana ing panliten iki ana loro, ana sumber dhata primer lan sumber dhata sekunder. Dhata panliten iki awujud dhata lesan lan dhata kebendaan. Ing ngisor iki bakal diandharake sumber dhata lan dhata panliten tradhisi siraman ing Grojogan Sedudo.

### **Sumber Dhata**

Miturut Endraswara (2009:100) sumber dhata folklor akeh jinise. Jinis sumber dhata bisa nemtokake metodhe apa kang kudu digunakake. Informan saka panliten iki diperang dadi loro yaiku, sumber dhata primer lan sumber dhata sekunder. Informan kang bakal didadekake sumber informasi diandharake kanthi cetha, kaya dene jeneng, umur, agama, kapitayan ing bebrayan, ing panliten iki informan kang bakal didadekake minangka sumber informasi kunci kayadene: 1) Pak Winarto minangka Kepala Bidang Kebudayaan Disbudpar Nganjuk 2) Pak Abu Syafi'i kalebu juru kunci Grojogan Sedudo. Saliyane iku uga ditemtokake informan sekunder yaiku: 1) Pak Wakimin minangka sekretaris desa Ngliman lan salah sawijine masyarakat kang ndelok tradhisi siraman.

### **Dhata Panliten**

Dhata lesan antuk saka observasi, wawancara, lan angket kang arupa tembung, ukara nganti asile wawancara saka informan. Dhata kasebut seperangan antuk saka wawancara lan rekaman uga ana dhata kang wujud dokumentasi. Dhata kebendaan awujud ubarampe utawa kelengkapane lan sarana-sarana sing digunakake ing upacara kasebut, awujud gambar audio lan uga visual (*photo* lan VCD) (Endraswara, 2009:103).

### **Instrumen Panliten**

Ing panliten kualitatif iki, panliti kang dadi instrumen utawa minangka pelaku panliten saka wiwitan nganti pungkasan panliten, banjur diwujudake ing laporan panliten. Instrumen panliten iki awujud angket utawa dhaptar wawancara.

### **Teknik Nglumpukake Dhata**

Ing kene bakal diandharake ngenani lan teknik kang digunakake ing panliten iki, yaiku: 1) teknik *observasi*, 2) teknik *wawancara*, 3) teknik *dokumentasi*.

### **Teknik Observasi**

Teknik observasi yaiku ndelok kanthi langsung fenomena kang ana ing lapangan (Endraswara, 2009:228). Observasi kang digunakake yaiku observasi *terlibat*. Miturut (Endraswara, 2009:228) observasi *terlibat* ditegesi

## *Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo Kabupaten Nganjuk (Tintingan Folklor)*

minangka wujud observasi kang dibarengi sesambungan antarane panliti karo informan.

Tata cara observasi ing panliten kang ditindakake panliti yaiku (1) panliti teka ing panggonan dianake tradhisi siraman yaiku ing Grojogan Sedudo Desa Ngliman, Kecamatan Sawahan, Kabupaten Nganjuk, (2) panliti ndelok langsung saben-saben prosesi wiwit mula bukane tradhisi nganti purnane adicara tradhisi siraman, (3) njupuk dhokumentasi tradhisi siraman, (4) nyathet kang dirasa perlu lan ana gayutane karo panliten.

### **Teknik Wawancara**

Teknik wawancara yaiku tatacara ngumpulake dhata kanthi menahi pitakonan-pitakonan marang responden kanggo golek informasi kang dibutuhake (Endraswara, 2009:230). Ngenani tradhisi siraman ing kene panliti nggunakake teknik wawancara kang asipat *terbuka*. Ing kene informan bisa bebas ngandharake tradhisi siraman tanpa diatur panliti. Dadi wawancara ing kene minangka cara pengumpulan dhata kanthi ngajokake pitakonan kanggo njangkepi asil panliten.

Tata cara wawancara panliti yaiku: (1) Nyusun dhaptar pitakonan kang arep ditakokake marang informan, (2) Panliti nekani informan, (3) Panliti nindakake wawancara kanthi menahi pitakonan marang informan, (4) Ngrekam lan nyathet bab kang wigati saka jawaban kang diwenehake informan.

### **Teknik Dokumentasi**

*Dokumentasi* yaiku nggoleki dhata babagan variabel kang arupa cathetan, transkrip, buku, layang pawarta, prasasti, cathetan asile rapat, agenda, lsp (Endraswara, 2009:99). Tatacara *dokumentasi* yaiku: (1) panliti nyiapake piranti kanggo njupuk gambar kang nyengkuyung panliten, (2) njupuk gambar kang dirasa perlu kanggo njangkepi dhata.

### **Tata Cara Nganalisis Dhata**

Tata cara nganalisis dhata ing kene digunakake kanggo nganalisis asile golek dhata saka lapangan. Tata cara nganalisis dhata ing panliten iki migunakake tata cara nganalisis dhata panliten kualitatif, yaiku (1) *open coding*, ing bab iki panliti ngupaya antuk dhata tradhisi siraman kang akeh ngenani lan ana gandheng cenenge karo topik panliten lumantar observasi lan wawancara marang informan kang wis ditemtokake. (2) *axial coding*,

panliti merang dhata-dhata kasebut adhedhasar kategorine, dilakoni kanthi cara *verifikasi* dhata yaiku dhata-dhata digayutake karo masalah panliten kaya dene lumakune, wujud, makna, fungsi, lan eksistensine tradhisi siraman sawise dhata-dhata mau digayutake banjur dilebokake jinis-jinise masalah adhedhasar bukti-bukti empiris kang ditindakake kanthi cara klarifikasi dhata, lan kang pungkasan ana (3) *display coding*, panliti ngandharake asil tintingan awujud tabel yen kepengen nggunakake tabel lan gampang dimangerteni. Ing kene akeh nggunakake tabel ing andharan etnografi supaya bisa gampang anggone ndelok gegayutan antarane kategori. (Endraswara, 2009:223).

### **Keabsahan Dhata**

Kanggo mangerteni sah orane dhata ing panliten iki kudu nggunakake teknik keabsahan dhata. Babagan kang kudu ditindakake kanggo menahi sah orane dhata miturut Endraswara (2009:224) ana papat yaiku: 1) nindakake *triangulasi*, *triangulasi* yaiku mbaleni utawa klarifikasi nganggo sumber kang beda. Nindakake triangulasi kanthi cara: a) *triangulasi* sumber dhata ditindakake kanthi nggoleki dhata saka narasumber utawa informan kang luwih saka siji yaiku wong-wong kang gegayutan langsung karo objek panliten, banjur nindakake b) *triangulasi* pangumpulane dhata, ditindakake kanthi nggoleki dhata saka narasumber kang akeh, c) *triangulasi* metodhe pangumpulane dhata, yaiku observasi, wawancara, studi dokumentasi, lan liya-liyane. d) *triangulasi* teori ditindakake kanthi nintingi teori-teori kang trep. Teori kang digunakake sajrone panliten iki yaiku teori folklor kang nggoleki sejatine wujud, makna, fungsi lan *eksistensine* tradhisi siraman kanggo para panyengkuyunge.

Kapindho nindakake *checking* dhata, dhata kang wis disusun banjur diwenehake marang informan lan mangerteni kepriye reaksi saka informan. Yen informan sarujuk, dhata iku bisa dianggep sah. 3) nindakake *member check* yaiku nindakake dhiskusi teoritis karo para ahli, ing kene bisa ateges dhosen pembimbing utawa mata kuliah kang gegayutan karo tradhisi. Ingkang pungkasan 4) nindakake *review mitra bestari* yaiku konsultasi karo para mitra ngenani bener apa orane panliten kang ditindakake.

## **ANDHARAN ETNOGRAFI**

Miturut Spardley (1997: 11) etnografi minangka salah sawijine metodhe panliten kualitatif. Etnografi digunakake gawe nliti tindak-tanduk manungsa kang gegayutan karo pangrembakan teknologi komunikasi sajrone sosial lan budaya tartamtu.

Dhata etnografi iki oleh saka Kantor Kecamatan Sawahan lan Balai Desa Ngliman. Panliti teka langsung lan golek dhata saka Lurah Desa Ngliman banjur diterusne menyang Sekretaris Desa Ngliman lan diwangi kaliyan Kamituwo supaya gampang anggone nggoleki dhata Desa Ngliman.

### **Gegambaran Bebrayan Desa Ngliman Kecamatan Sawahan Kabupaten Nganjuk**

Ing ngisor iki bakal diandharake ngenani gegambaran umum Desa Ngliman, wiwit saka kahanan alame lan kahanan bebrayane kang ana ing Desa Ngliman, Nganjuk.

### **Kahanan Alam Desa Ngliman**

Desa Ngliman salah sawijine padesan kang manggon ing kaki gunung wilis ing Kecamatan Sawahan. Kahanan desa iki isih kalebu asri lan asli senajan wis kalebon listrik lan piranti teknologi liyane. Tlatah Desa Ngliman ambane kurang luwih 285 Ha, kang diperang dadi 4 yaiku dhusun Ngliman, dhusun Bruno, dhusun Kemukus, lan dhusun Gimbal. Lemah sawahe kurang luwih 85 Ha, dene lemah padunungan pendhudhuk kang ambane kurang luwih 36 Ha. Desa Ngliman iki biyasane ditanduri pari kang bisa gawe nyambung urip sabendina lan ngasilake kurang luwih 3 ton. Dene tegalan ambane kurang luwih 145 Ha, biyasane ditanduri jagung, kacang tanah, palawija, woh-wohan, janganan, lan cengkeh. Kang ambane kurang luwih 42 Ha ditanduri jagung lan ngasilake kurang luwih 3 ton, kang ambane kurang luwih 2 Ha ditanduri kacang tanah lan ngasilake kurang luwih 1 ton, kang ambane 20 Ha ditanduri palawija lan ngasilake kurang luwih 11 ton, kang ambane 28 Ha ditanduri woh-wohan lan ngasilake kurang luwih 13 ton, kang ambane 33 Ha ditanduri janganan, lan pungkasan ambane 20 Ha ditanduri cengkeh.

Saliyane iku uga ana sarana masyarakat kang manggon ing Desa Ngliman, kaya dene posyandu kang ana 3 unit, puskesmas kang cacahé

ana 1 unit, sekolahan PAUD kang ana 2 unit, TK kang ana 2 unit, sekolahan SD kang ana 2 unit, Hotel ana 1 unit, lan wisma 1 unit. Curah udan 2000 Mm lan suhu rata-rata 20°C. Kelembapan ing desa Ngliman 12 %. Dhuwur saka permukaan laut 950 mdl.

Papan dedunung awujud dalan kang wis diaspal. Transportasi apa wae kayadene bis, truk lan sapiturute kanggo sesambungan antarane Desa Ngliman lan panggonan ngendi wae wis bisa liwat.. Jarak desa Ngliman saka kecamatan 5 Km, dene jarak saka kutha Kabupaten Nganjuk kurang luwih 30 Km. Ing sisih lor winatesan desa Sawahan, ing sisih kidul winatesan Perhutani, ing sisih wetan winatesan desa Bareng, lan ing sisih kulon winatesan desa Bendolo.

### **Kahanan Bebrayan Desa Ngliman**

Ing ngisor iki bakal diandharake kahanan bebrayan awit saka struktur pamong desa, kahanan pendhudhuk, pangupajiwa, pendhidhikan, lan agama kang ana ing Desa Ngliman.

### **Struktur Pamong Desa**

Desa Ngliman kasusun saka saperangan RT lan RW. Saben RT nduweni kelompok masyarakat kang ngugemi adicara tartamtu, kayadene arisan, pengajian, bersih desa, lan liya-liyane. Masyarakat desa Ngliman dipandhegani dening lurah kang ditemtokake nalika pemilu. Lurah kasebut minangka wujud aspirasi masyarakat kanggo mujudake desa kang luwih maju. Ketua RW kang mandhegani saperangan RT dadi tangan tengene lurah ing masyarakat.

### **Pendhudhuk Desa Ngliman**

Cacahé pendhudhuk ing desa Ngliman adhedhasar data monografi taun 2016, cacahé pendhudhuk ana 3.858 jiwa, cacahé wong lanang 1.966 jiwa dene wong wadon 1.892 jiwa. Cacahé KK (Kepala Keluarga) ana 1.300, sakabehe pendhudhuk desa Ngliman asli warga negara Indonesia.

### **Pangupajiwa Masyarakat desa Ngliman**

Pakaryane pendhudhuk amarga pangaribawane kahanan alam. Desa Ngliman iki kalebu desa kang lemahe subur lan hawane uga adhem banget. Kahanan desa Ngliman iku ndadekake masyarakat akeh kang dadi tani utawa buruh tani. Saliyane iku ana kang nyambut gawe dadi wiraswasta kanthi

## *Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo Kabupaten Nganjuk (Tintingan Folklor)*

mbukak warung kang adol kabeh piranti kang dibutuhake masyarakat. Pakaryan kang dilakoni masyarakat desa Ngliman maneka warna. Ana kang dadi tani, buruh tani, wirausaha, PNS lan liya-liyane.

### **Pendhidhikan**

Pendhidhikan minangka salah sawijine kahanan kang nemtokake pola pikir kang diugemi dening masyarakat. Pengaruh saka njaba bakal gampang ditampa masyarakat kang nduweni tingkat lulusan pendhidhikan kang dhuwur. Suwalike yen rendhah tingkat kelulusan pendhidhikan, saya angel anggone nampa pengaruh saka njaba. Semono uga masyarakat desa Ngliman kang tingkat lulusan paling akeh yaiku SD kang ndadekake angele nampa pengaruh saka njaba kang dicundhukake karo pranatan ing masyarakat.

### **Agama**

Agama kang ana ing desa Ngliman paling akeh yaiku agama Islam. Kanggo nindakake ibadah, para warga mbangun papan ibadah arupa mesjid lan mushola. Senadyan pendhudhuk nganut agama Islam, nanging isih ngugemi budaya lan tradhisi sesepuhe. Kayata slametan kanggo pawongan kang wis kapundhut lan slametan ing wulan tartamtu.

### **Gegayutan Tradhisi Siraman lan Dhata Etnografi**

Gambaran kahanan desa Ngliman, sejatine nduweni gegayutan raket karo Tradhisi Siraman. Bab-bab kang wis diandharake mau nduweni daya pangaribawa tumrap kahanan tradhisi kasebut ing mangsa iki nganti mangsa ngarep.

### **Gegayutan Tradhisi Siraman lan Kahanan Bebrayan desa Ngliman**

Gegayutan antarane Tradhisi siraman karo kahanan masyarakat desa Ngliman bisa dideleng ing sistem pangupajiwa, pendhidhikan, lan agama kang diugemi ing desa Ngliman. Bakal diandharake luwih cetha ing ngisor iki.

### **Gegayutan Tradhisi Siraman lan Sistem Pangupajiwa bebrayan desa Ngliman**

Saka sakabehe sistem pangupajiwa kang diugemi masyarakat desa Ngliman, tani minangka pangupajiwa kang paling akeh cacahé. Kapindho kang paling akeh yaiku buruh tani, mulane pendhudhuk desa Ngliman luwih milih ngelola sawahe dhewe tinimbang dikerjakne wong liya.

### **Gegayutan Tradhisi Siraman tumrap Pendhidhikan Masyarakat desa Ngliman**

Ing sawijine bab bisa ndadekake tradhisi siraman tansah ngrembaka amarga pamikire mudha-mudhi kang tansah ngrembakakake tradhisi kasebut. Saka sakabehe lulusan pendhidhikan masyarakat desa Ngliman, lulusan SD minangka lulusan kang paling akeh cacahé. Mulane masyarakat desa Ngliman anggone nampa owah-owahan rada angel.

### **Gegayutan Tradhisi Siraman tumrap Agama kang Diugemi Masyarakat desa Ngliman**

Saka sakabehe agama kang diugemi masyarakat desa Ngliman, Islam minangka agama kang paling akeh pandhereke. Nanging kasunyatané saperangan masyarakat kang ngugemi agama Islam nduweni tumindak kang ora cundhuk karo pranata ing agama Islam. Isih akeh masyarakat kang ngugemi adat istiadat warisan leluhur kang ora ana ing pranatan agama Islam kang diarani Islam kejawen.

### **ANDHARAN ASILING PANLITEN**

Ing bab iki bakal diandharake asiling panliten kang nduweni sesambungan antarane: (1) Wujud folklor tradhisi siraman, (2) Makna folklor tradhisi siraman kanggo masyarakat panyengkuyunge, (3) Fungsi folklor tradhisi siraman kanggo masyarakat panyengkuyunge, lan (4) *Eksistensi* tradhisi siraman ing Grojogan Sedudo. Andharane kaya ing ngisor iki.

### **Wujud Folklor Tradhisi Siraman**

Tradhisi siraman miturut para bebrayan wis ana wiwit biyen. Tradhisi iki uga wiwitane saka crita lisan kang cara nyebarake uga saka gethok tular anggone nyritakake saka wong siji menyang pawongan liyane. Tradhisi siraman iki mung dilakoni ana Grojogan Sedudo wiwit jaman biyen nganti saiki.

Dicritakake yen tembung Sedudo asale saka tembung "Se" lan "Dudo". "Se" iku tegese siji, lan "Dudo" tegese wong kang ora nduweni bojo wadon utawa sengaja ora nduweni bojo maneh. Miturut kapercayan pendhudhuk, Sang Dudo kasebut minangka wong kang mbukak (Babat Alas) Desa Ngliman, kang saben dina adus ing Grojogan. Amarga papan kasebut saben dina digunakake minangka panggon aduse Sang Dudo, mula papan



## *Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo Kabupaten Nganjuk (Tintingan Folklor)*

kasebut diwenehi jeneng Sedudo. Minangka pakurmatan lan panghargyan marang Sang Dudo kang dianggep minangka cikal bakal utawa wong kang mbabat alas desa Ngliman iku. Kebiasaan adus ing grojogan kasebut mula diterusake marang warga desa Ngliman. Bedane saka kebiasaan adus kang wis mentradisi iku ora ditindakake saben dina, nanging ditindakake setaun pisan kang sabanjure diarani upacara siram.

Dicritakake uga grojogan iki dianggep suci, lan nduweni nilai magis kang dhuwur. Mula saka iku, banyune digunakake minangka upacara Prana Prathista, yaiku upacara ngedusi reca kang ana ing Gunung Candrageni lan Candi Ngetos. Banyu kang digunakake ngedusi arca iki sengaja ditampung gawe dicipratakake marang anggota kaluwarga, kang nduweni pangarep-arep bisa oleh berkah lan kaslamatan, kasarasan, awet enom, drajat, pangkat lan wibawa.

Masyarakat percaya yen banyu Grojogan Sedudo sumber saka panggonan kang kramat, yaiku panggone dewa-dewa. Panemu ing ndhuwur salaras karo panemune sesepuh desa yaiku Pak Abu Syafi'i kang wis dadi juru kunci Sedudo lan Makam Ki Ageng Ngaliman. Miturut Mbah Syafi'i (Mbah Pi'i) yen tradhisi siraman iki wiwit Mbah Kyai Ageng Ngaliman ngedusi santrine ing grojogan Sedudo. Sawise ngedusi santrine banjur menehi ngelmu marang santrine ing padhepokan. Kaya kang diandharake Mbah Syafi'i (Mbah Pi'i) ing ngisor iki:

Tradhisi siraman iki kanggo nyucekne dhiri lan ngesiki awak njaba lan njerone. Saka sumber kalorone iku bisa dimangerteni yen tradhisi siraman iki sejatine ana kanggo nyucekne dhiri njaba lan njerone, uga aweh pakurmatan marang leluhur saliyane iku kanggo mujudaken rasa syukur marang Gusti ingkang Maha Agung. Asal-usule tradhisi menika wis dilakoni wiwit jaman mbiyen, lan dilakoni para pinisepuh lan masyarakat Sedudo. Tradhisi iki sejatine dilakoni saben malem 15 ing wulan Sura, pas nalika purnama adus ing Grojogan Sedudo. Sebabe njupuk malem 15 wulan Sura iki amarga wulan Sura dipercaya wulan kang suci utawa wulan kang kebak *introspeksi* lan *mendekatkan* dhiri marang Gusti Pangeran.

### **Makna Folklor Saperangan Lesan Tradhisi Siraman**

Makna kang gegayutan karo filsafat Jawa akeh sajrone upacara tradhisi lan adat kang dilakoni dening masyarakat Jawa. Saka tata lakune, unen-unen, ubarampe utawa sesajen kang ana sajrone upacara tradhisi lan adat kasebut ngemu makna filosofis kanggo panguripane bebrayan Jawa.

### **Wujud lan Makna Tata laku Tradhisi Siraman**

Babagan tata laku ing Tradhisi Siraman iki wis ngalami owah-owahan. Luwih jangkepe ngenani tatalakune Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo bakal dirembug ing ngisor iki.

#### **Slametan**

Slametan iki ditekani dening masyarakat khusus kang nduweni kapercayan marang dhanyang Sedudo. Slametan dianakake ping pindho, nalika wayah wengi tanggal 14 malem 15 wulan Sura kang ditekani dening masyarakat khusus. Lan wayah esuk ditekani dening masyarakat umum, saliyane iku uga ditekani Bupati Nganjuk lan Pemda Nganjuk.

Slametan wayah wengi ditekani karo masyarakat kang kepengin adus wayah purnama. Sadurunge adus ing grojogan luwih dhisik ditindakake slametan. Slametan khusus iki dipimpin dening juru kunci Mbah Pi'i.

#### **Sawur Puspita**

Iring-iringan Bupati lan jajaran Pemda liyane saka panggonan parkir diiringi tabuhan saka kemung, bendhe, kecer, drodog, ketipung lan jur uga disambut tari-tarian mungdhe nganti lungguh ing panggone (Harimintadji, 1994:202). Para 10 penari, 5 para jejaka, lan 10 para kenya nyambut Bupati lan jajaran Pemda ing ngarepe Grojogan Sedudo.

Sesepuh desa banjur mlaku menyang Grojogan Sedudo diwiwiti kaliyan cucuk lampah, wong kang nggawa dupa, wong kang nggawa kembang setaman, Bupati diiringi jajaran Pemda, banjur wong kang nggawa tumpeng. Sawise iku wong kang nggawa kembang setaman menehake kembang marang Bupati lan mlaku tumuju Grojogan Sedudo guna sawur puspita (sawur kembang) nganggo iringan Sekar Macapat Dhandhanggula Sarirahayu pl 6. Sadurunge disawurke wiwit donga ing sangisore Grojogan, banjur disawurake kaliyan Bupati lan jajaran Pemda liyane.

## *Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo Kabupaten Nganjuk (Tintingan Folklor)*

Makna saka sawur puspita yaiku supaya banyu kang ana Grojogan Sedudo suci lan bisa digawe adus wong akeh sawise prosesi kasebut amarga banyu suci digawe ngesiki awak njaba lan njerone. Sawur puspita minangka istilah sawur kembang setaman kang jumlahe akeh ana mlati, mawar, kenanga, lan kanthil banjur disawurake lan sawise iku padha raup ing aliran Grojogan Sedudo.

### **Tari-Tarian**

Tari-tarian iki awujud tari sakral amarga ditarekna 10 penari wadon kang saben penari nggawa klenthing (biyasa dianggo wadhah banyu saka lempung). Tari-tarian iki salah sawijine tradhisi supaya narik kawigaten masyarakat kang wis teka ana upacara kasebut. Tari-tarian iki diarani tari bedhayan amek tirta. Tari iki nggambarake rasa wujud syukur marang Gusti Kang Maha Agung.

Makna saka tari-tarian iki yaiku nyuwun berkah marang Gusti Kang Maha Agung supaya upacara siraman Sedudo lancar lan ora ana gangguan. Saliyane iku tari-tarian kang klenthing digawa maknane ngesiki klenthing supaya adoh saka sakabehe reregetan.

### **Amek Tirta**

Sawise ana tari-tarian, diwiwiti cucuk lampah banjur para penari, jejaka, lan para kenya mlaku tumuju Grojogan Sedudo diiringi tembang ilir-ilir amarga maknane maju saka keterpurukan, maju saka sipat males, lan liya-liyane. Mulane nggunakake tembang ilir-ilir supaya tansah *mendekatkan* dhiri marang Gusti Pangeran. Sawise teka Grojogan, para kenya baris 2 sap ing mburine 5 jejaka. Para penari padha nari ing samburine para kenya.

Ritual amek tirta diwiwiti, 5 jejaka njupuk klenthing saka para kenya kasebut banjur amek tirta ing sangisore Grojogan Sedudo. Banjur diwenehake marang para kenya. Dipimpin cucuk lampah, para kenya lan 5 para jejaka mlaku menyang pinggire kolam banjur digawa menyang ndhuwur uga ditutake para penari. Sawise ing ndhuwur, 5 klenthing kang ana banyune kasebut diwenehake sesepuh kang wis siyap ana ing sangarepe genthong. Sisane ana 5 klenthing dideleh ana genthong kang wis cumepak.

Nalika menehake klenthing marang pinisepuh diiringi tembang macapat kanthi irah-irahan pangkur warawedha karyane Sunan Kali Jaga kang nduweni makna donga tolak balak kang

tujuwane supaya masyarakat Nganjuk kanthi cara umum adoh saka sakabehane bebaya lan nyuwun berkahe Gusti Pangeran lan Nabi Muhammad SAW (Harimintadji, 1994:203). Makna saka amek tirta iki minangka sarana kanggo ngesiki awak supaya resik njaba lan njerone, uga njupuk banyu suci saka grojogan Sedudo kang nduweni paedah kanggo masyarakat. Banyu suci iku dhewe uga disimpen neng Makam Kyai Ageng Ngaliman kanggo masyarakat kang mbutuhake obat, oleh rejeki, lan liya-liyane.

### **Wujud lan Makna Ubarampe Tradhisi Siraman**

Ubarampe mono sawijine piranti wigati sajrone Mulane, anane ubarampe ing upacara iki satemene pancen kudu digatekake dening para masyarakat.

### **Wedhus Kendhit**

Wedhus kang digunakake sajrone tradhisi siraman iki wedhus khusus yaiku wedhus kang nduweni werna wulu ireng kang nduweni wulu putih nyirit ing wetenge. Masyarakat uga percaya yen kendhit warna putih kang ana ing awake kasebut minangka unsur perlindungan tumrap masyarakat ing sakupenge Grojogan Sedudo. Wedhus kendhit menika miturut wong kuna, wedhus khusus digawe tumbal. Wedhus kendhit menika gawe tumbal suker bumi.

Sawise wis cumepak kabeh, banjur *penyembelihan* wedhus kendhit dianakake. Wedhus kendhit dibeleh, banjur endhase lan sikile dipendhem neng sakupenge Grojogan Sedudo. Sawise dipendhem, daging uga kulite dibagekne neng masyarakat supaya dimasak kanggo upacara nalika esuke lan sisane dipangan bareng-bareng karo para warga. Daging saka wedhus kendhit mau kanggo berkah masyarakat saka Gusti Kang Maha Agung.

Makna saka wedhus kendhit iki supaya masyarakat Nganjuk khusus tansah slamet lan ora ana bebaya kang nggawe susahe warga. Saliyane iku, wedhus kendhit minangka wujud aweh pakurmatan marang Gusti Kang Maha Agung amarga wis menehi urip kang sarwa kepenak lan menehi dawa umure.

### **Sega Tumpeng lan lawuhe**

Sega tumpeng yaiku sega putih kang dibentuk kerucut utawa persis gunung. Sega tumpeng iki umume dibarengi karo lawuhe. Sega tumpeng uga

## *Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo Kabupaten Nganjuk (Tintingan Folklor)*

diwadhahi iker. Makna saka sega tumpeng iki supaya rejekine kaya gunung tegese masyarakat Nganjuk bisa nduweni rejeki kang akeh lan linuwih, dadi kacukupan uripe lan ora kekurangan. Sajrone sega tumpeng uga pinggire ana pitik ingkung, gedhang raja setangkep, woh-wohan, lan lawuh liyane. Lawuh-lawuh sajrone sega tumpeng uga ana maknane dhewe-dhewe. Mula bakal diandharake ing ngisor iki.

### **Pitik Inkung**

Inkung minangka lawuh kang digawe saka pitik Jawa jinis jago. Inkung dimasak kanthi cara dibakar dhisik, banjur diwenehi bumbu lan santen kang diarani lodho. Inkung disajekake kanthi wujud tanpa dipeceli. Nanging sawise cara rampung lan diwenehi donga, ingkung banjur dipeceli lan didum marang wong kang slametan.

### **Gedhang Raja Setangkep**

Ubarampe gedhang raja ing kene dadi salah sawijine syarat ubarampe kanggo upacara tradhisi siraman. Gedhang raja setangkep iki nduweni makna awah pakurmatan kang winengku cikal bakale Sedudo. Saka japane gedhang setangkep disiyapne kanggo Mbok Dewi Partingah Sejati kang dadi leluhur desa Ngliman.

### **Woh-wohan**

Woh-wohan neng kene ana akeh banget jinise, ana belimbing, jeruk, lan pelem. Woh-wohan iki nduweni makna raos syukur dhumateng Gusti Inggang Maha Agung supaya tansah oleh kaslamatan uga katentreman. Saliyane iku woh-wohan dijupuk saka desa Ngliman dhewe, liyane dijupuk saka sacedhake grojogan Sedudo, supaya oleh berkah saka grojogan Sedudo iku dhewe.

### **Kulupan lan Lawuh liyane**

Kulupan iki umume saka janganan kangkung, kluwih, capar lan liya-liyane. Saben-saben kulipan nduweni teges dhewe-dhewe. Kangkung tegese supaya rejekine nlolor terus kaya kangkung, kluwih tegese supaya rejekine tansah linuwih, banjur capar kang asale saka kacang dhewe utawa kacang ijo kang dikum banyu banjur thukul tunas anyar, kang tegese supaya rejekine bisa thukul terus kaya capar mau.

### **Kembang Setaman**

Kembang setaman yaiku kembang kang rupa-rupa jinise. Ana kembang mlathi, kenanga, kanthil, mawar lan liya-liyane. Kembang kanthil maknane rasa tresna kang tansah kumanthil lan ora ana pedhote. Anane kembang mlathi nduweni makna sakabehane tumindak kudu adhedhasar ati. Kembang kenanga nduweni makna supaya anak putu kudu ngenang sakabehane pusaka warisane leluhur arupa kabudayan, filsafat, tradhisi lan liya-liyane. Kembang mawar maknane nglakoni tumindak iki kudu ora ana pamrihe, kudu adhedhasar ketulusan batin lan ikhlas (Harimintadji, 1994:205)

### **Menyan**

Menyan yaiku salah sawijine sesaji kang kudu ana nalika tradhisi siraman, amarga wujud saka wiwite tradhisi kasebut siyap dilaksanakake. Kutug yaiku ngebong menyan. Ana dupa sesaji, kutug bisa diarani ngobong kembang menyan. Inggang nggawa menyan uga wong kang dipercaya dadi juru kunci Sedudo, yaiku Mbah Syafi'i.

### **Jenang Sengkala**

Jenang sengkala yaiku beras ketan kang dimasak jemek utawa bubur, lan diwenehi gula abang lan santen. Jenang sengkala rupane ana loro abang lan putih, kang umume diwadhahi ing lepek kanthi wangun bubur abang ing ngisor lan luwih akeh, dene ing ndhuwure diwenehi sega putih satlenik. Jenang sengkala sajrone tradhisi siraman iki nduweni makna kanggo nolak sakabehe bebaya kang asale saka alam lan bangsa lelembut kang bisa kedadeyan marang para pandherek tradhisi siraman, saengga nalika adicara bisa lancar lan ora ana sengkalanane.

### **Fungsi Folklor Tradhisi Siraman kanggo Masyarakat Panyengkuyunge**

Folklor minangka tradhisi rakyat nduweni fungsi folklor miturut Dundes tumrap urip bebrayan kang nyengkuyung tradhisi kasebut. Adhedhasar fungsi kasebut, banjur ndadekake tradhisi kasebut tansah dijaga lan ditindakake saben taun. Piguna sajrone tradhisi siraman diandharake ing ngisor iki.

### **Minangka Piranti Pendhidhikan**

Pendhidhikan minangka proses kanggo ngembangake dhiri saben pawongan supaya bisa nerusake urip bebrayan. Tradhisi iki ngemot nilai-

## *Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo Kabupaten Nganjuk (Tintingan Folklor)*

nilai, kayata nilai sosial bisa dideleng saka anggone masyarakat guyub rukun mbiyantu gawe nyiapake ubarampe kanggo slametan. Nilai sabanjure ana nilai sejarah, amarga tradhisi iki ngajari supaya manungsa tansah mikul dhuwur kahanan tradhisi iki.

### **Minangka Wujud Syukur marang Gusti Kang Maha Agung**

Manungsa kang urip ing donya bakal usaha golek pangupajiwa lan katentreman kanggo urip bebrayan. Wujud syukur marang paringane Gusti bisa maneka warna kayata zakat, sodaqoh, ngucap syukur lan sapiturute. Wong padesan kang isih kenthel adat, tulung-tinulungan tansah nyukuri paringane Gusti kanthi nganakake slametan ing Grojogan Sedudo. Slametan iki minangka sarana kanggo ngucap syukur marang berkahe Kang Kuwasa.

### **Minangka Sarana Ngraketake Rasa Paseduluran**

Tradhisi siraman iki bisa dadi sarana ngraketake rasa paseduluran tumrap masyarakat panyengkuyunge, kayadene nalika warga Nganjuk lan warga Surabaya Lamongan lan liyane padha nglumpuk dadi siji ana ing upacara tradhisi kasebut. Ing kono bisa gegojegan saengga para panindake bisa ngrasakakne rasa pasedulurane.

### **Minangka Sarana Nglestarekake Adat**

Tradhisi siraman iki mung dianakake ing Grojogan Sedudo lan durung mesthi ana ing grojogan liyane. Tradhisi siraman minangka salah sawijine wujud kabudayan kang turun-temurun saka generasi ing generasi.

### **Minangka Sarana Ningkatake Gotong Royong**

Ningkatake silaturahmi antarane masyarakat Tradhisi Siraman dadi acara kang paling dienteni karo masyarakat Nganjuk, khusus wong-wong kang ana ing njaba dhaerah. Amarga saben siraman, wong-wong padha nduwe rasa kepingin nekani adicara iki.

### **Minangka Piranti Kanggo Meksa lan Ngawasi Supaya Aturan Bebrayan Tetep Diugemi**

Masyarakat nindakake tradhisi siraman supaya uripe slamet, awet nom, lancar rejekine lan diwenahi seger kewarasan. Mulane, pranatan kang ana kudu ditindakake. Yen pranatan iku dilanggar,

mula masyarakat bakal kena bebaya kaya dene kepaten, lara kang ora waras-waras, rejekine ora lancar amarga oleh balak saka dhayang Sedudo.

### **Minangka Sarana utawa Papan Kanggo Ngalab Berkah**

Fungsi tradhisi siraman iki ana gandheng cenenge karo Makam Kyai Ageng Ngaliman, Kyai Ageng Ngaliman menika wong kang wis mbabat alas Desa Ngliman. Wong-wong banjur sawise adus ing Grojogan Sedudo banjur ziarah dhateng Makam Kyai Ageng Ngaliman. Masyarakat ngerti sapa sejatine Kyai Ageng Ngaliman saka gethok tular utawa saka omongan wong siji marang wong sijine.

### **Minangka Sarana Golek Ngelmu**

Wiwit jaman mbiyen nganti saiki, wong-wong tuwek padha menahi pitutur marang anak putune yen wayah sura nalika ngepasi purnama padha munggaha menyang Sedudo kanggo golek banyu. Nanging tegese wong kasebut kudu nggolek ngelmu neng Grojogan Sedudo. Sejatine Kyai Ageng Ngaliman menika dudu jenenge wong, nanging sawijine ngelmu kang diwenhake turun-temurun.

### **Eksistensi Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo**

*Eksistensi* tradhisi siraman kedadeyan saka owah-owahan sajrone tradhisi kasebut lan kepriye cara nglestarekake tradhisi siraman ing Grojogan Sedudo Nganjuk.

#### **Eksistensi Tradhisi Siraman**

Kanthi anane tradhisi siraman iki bisa dadi aset pariwisata kang nduweni mutu lan dinteni saben taun dening masyarakat Nganjuk.

#### **Owah-Owahan sajrone Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo**

Owah-owahan sajrone tradhisi siraman bisa ditilik saka wujud tata lakune lan ubarampe kang digunakake ing jaman mbiyen kawitanane madeg lan saiki. Sakabehe bakal diandharake kaya mangkene.

#### **Tradhisi Siraman Jaman Biyen**

Ana ing kawitan tradhisi siraman isih murni nampilake tradhisi siraman kang wiwit tata lakune lan ubarampe kang digunakake isih nggunakake ubarampe tradhisional kang isih

## *Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo Kabupaten Nganjuk (Tintingan Folklor)*

njupuk saka desa Ngliman dhewe. Tradhisi iki jaman mbiyen ora ana tari-tarian, ora ana gamelan kang ngiringi. Mulane para pemerintah padha gotong royong supaya tradhisi siraman iki tansah ngrembaka ora kalindhah jaman kang wis tansaya maju. Jaman mbiyen ora ana undhangan resmi saka Dinas Kabudayan, nanging para pinisepuh teka dhewe-dhewe ana ing tradhisi kasebut. Tradhisi siraman iki ora ana gamelan lan tari-tarian ora papa, nanging iki kabeh kanggo narik kawigatene masyarakat Nganjuk supaya mangerteni tradhisi siraman iki minangka daya tarik dhewe kanggo ndhudhah nilai budaya.

### **Tradhisi Siraman Jaman Saiki**

Saka tampilan njaba saiki wiwit ana terop-terop kanggo para jajaran Pemda. Nanging jaman mbiyen ora ana babar blas iyup-iyupan amarga Grojogan Sedudo isih asri lan adhem banget. Babagan kang paling ndhasari owah-owahan ing tradhisi siraman jaman saiki yaiku tuntutan saka masyarakat. Pak Winarto minangka Kepala Bidang Kebudayaan Dhaerah Nganjuk wiwit ngowahi tradhisi siraman saka tata lakune tradhisi lan ubarampe kang dibutuhake. Tata lakune kang diowahi yaiku ditambahi iring-iringan gamelan lan tari-tarian supaya narik kawigatene masyarakat. Saliyane iku uga nambahi ubarampe kang dibutuhake kayata tumpeng sak lawuhe, kang jaman mbiyen tumpeng kasebut dilarung ing aliran banyu Grojogan Sedudo. Ing jaman saiki tumpeng malah dipangan bareng-bareng karo warga kang ndelok tradhisi siraman kasebut supaya ora mubadzir yen dilarung.

### **Faktor-Faktor Kang Nyebabake Owahe Tradhisi Siraman**

Owah-owahan sajrone tradhisi siraman iki didayani dening faktor-faktor kang kaya anane unsur-unsur kabudayan kang gampang owah, anane individu kang gampang nrima unsur owah-owahane kabudayan, lan adaptasi marang lingkungan sakiwa tengene kang gampang owah.

### **Faktor-faktor kang Ngendheg Owahe Tradhisi Siraman**

Saliyane faktor-faktor kang ndayani owahe tradhisi siraman, uga ana faktor-faktor kang ngendheg owahe tradhisi siraman, yaiku anane unsur-unsur kabudayan kang angel owah, anane

individu kang angel anggone nrima unsur owah-owahan kasebut.

### **Carane Nglestarekake Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo**

Tradhisi siraman iki tansah disengkuyung pemerintah lan warga Nganjuk. Senajan tradhisi siraman iki mung dilakoni saben wulan Sura, nanging minangka masyarakat kudu nglestarekake tradhisi iki supaya ora ilang kalindhah jaman kang tansaya ngrembaka.

### **Marisake Marang Keturunan warga Nganjuk**

Awit saka tradhisi siraman iki duweke warga Nganjuk, mula warga Nganjuk nduweni andhil kang luwih gedhe kanggo nguri-uri tradhisi siraman iki. Saliyane iku warga lan jajaran pemda kudu melu urun rembug supaya tradhisi iki ngalami owah-owahan, nanging ora sakabehe owah-owahan. Nanging kudu diwenehi dhasar kena ngapa kok diowahi, lan owah-owahane kudu salaras karo tradhisi siraman.

### **Ngowahi Tatalaku lan Ubarampe Tradhisi Siraman**

Dipimpine wiwit jaman Bupati Pak Taufiq, tradhisi siraman wiwit ngalami tatalaku lan ubarampe kang magepokan karo tradhisi siraman. Babagan iki kabukten saka sakabehane sarana lan prasarana kang diowahi lan dijangkepi dening Dinas Kebudayaan lan Pariwisata Kabupaten Nganjuk. Wiwit saka tatalakune, iring-iringan gamelan, kostum kanggo para penari lan liya-liyane.

### **Regenerasi Pemain sajrone Tradhisi Siraman**

Babagan iki ditindakake supaya ana panerus sajrone tradhisi siraman kasebut. Semono uga tradhisi siraman iki minangka salah sawijine tradhisi kang ngusung budaya lokal, tradhisi siraman uga ana regenerasi pemain.

### **Dinas Kebudayaan lan Pariwisata Kabupaten Nganjuk**

Dinas iki ngupayakake ngrembakake tradhisi siraman kang wis langka iki kanthi cara nepungake marang generasi mudha-mudhi, mligine siswa ing SMA lan kang sederajat. Cara kang ditempuh yaiku nalika ana penyuluhan ing sekolah-sekolah, Dinas menehi penyuluhan supaya tradhisi iki tansah dikenal lan diuri-uri dening warga Nganjuk.

# *Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo Kabupaten Nganjuk (Tintingan Folklor)*

Saengga kanthi cara mangkene masyarakat bisa luwih weruh ngenani tradhisi siraman ing Kabupaten Nganjuk.

## **PANUTUP**

### **Dudutan**

Tradhisi siraman sawijine tradhisi kang ditindakake saben taun ing Wulan Sura dilaksanakake ing Grojogan Sedudo Kabupaten Nganjuk. Saliyane iku tradhisi siraman ditindakake kanggo nyuwun supaya masyarakat urip ayem tentrem adoh saka bebaya arupa longsor, banjir, ama tumrap tetanduran uga nyuwun berkah rejeki marang Gusti Kang Maha Kuwasa.

Mula bukane Tradhisi Siraman iki wis suwe dilaksanakake dening sesepuh uga masyarakat. Tradhisi siraman karakit kanthi saperangan tatarakite adicara, yaiku diwiwiti kanthi slametan ing wayah wengi nalika malem grahana, esuke ana adicara sawur puspita, tari-tarian, amek tirta, nggawa banyu diwadahi genthong banjur banyu kasebut disimpen dening sesepuh desa Ngliman ing Masjid lan Makam Kyai Ageng Ngaliman. Ubarampe panjangkepe adicara sajrone Tradhisi Siraman iki ana tumpeng, menyan, jenang sengkala lan kembang setaman.

Ing babagan makna, Tradhisi Siraman mujudake sawenehe makna, salah sawijine nyuwun berkah marang Gusti Kang Maha Agung supaya adoh saka sakabehane bebaya.

Fungsi folklor sajrone Tradhisi Siraman yaiku minangka wujud syukur masyarakat Nganjuk wis diwenehi rejeki kang akeh lak kebak kasarasan. Eksistensi tradhisi siraman iki ana owah-owahan nanging ora ngilangi makna kang ana sajrone tradhisi siraman kasebut. Masyarakat lan jajaran pemda uga padha gotong royong supay tradhisi iki ora kalindhah budaya kang anyar. Saliyane iku padha bebarengan nglestarekake tradhisi siraman.

### **Pamrayoga**

Sajrone panliten ana sawenehe pamrayoga kang wigati tumrap kahanan Tradhisi Siraman kanggo mangsa ngarep. Bab kasebut minangka panjangkepe dudutan kang wis diandharake mau. Pamrayoga iki ngandharake sawenehe cara utawa pamawas kanggo tradhisi kasebut. Mulane, anane pamrayoga kasebut uga migunani tumrap panliten

kabudayan iki, yaiku panliten Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo.

## **Kapustakan**

Ahmadi, Abu. 1985. *Antropologi Budaya*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.

Bakker. 1990. *Filsafat Kebudayaan Sebuah Pengantar*. Yogyakarta : Kanisius (Anggota IKAPI).

Danandjaja, James. 2007. *Folklor Indonesia: Ilmu Gosip, Dongeng, dan lain-lain*. Jakarta : Pusat Utama Graffiti.

Endraswara, Suwardi. 2009. *Metodologi Penelitian Folklor*. Yogyakarta: MedPress (Anggota IKAPI).

Endraswara, Suwardi. 2010. *Folklor Jawa Macam bentuk dan Nilainya*. Jakarta: Penaku.

Geertz, Clifford. 1984. *Abangan, santri, priyayi dalam masyarakat Jawa*. Jakarta : Pustaka Utama.

Harimintadji, dkk. 1994. *Nganjuk dan Sejarahnya*. Jakarta: Pustaka Kartini

Herusatoto, Budiono. 2005. *Simbolisme dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widia.

Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara yang Terlupakan. Pengantar Studi Sastra Lisan*. Malang: Hiski Jawa Timur.

Koentjaraningrat. 1987. *Kebudayaan Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta : Gramedia.

Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta : PT. Tiara Wacana

Luxemburg. 1992. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: PT Gramedia.

Moertjipto, Ani R. 1994. *Fungsi Upacara Tradisional Bagi Masyarakat Pendukungnya Masa Kini*. Yogyakarta: Proyek Penngkajian dan Pembinaan Nilai-Nilai Budaya, Direktorat jenderal Kebudayaan Departemen Pendidikan.

## *Tradhisi Siraman ing Grojogan Sedudo Kabupaten Nganjuk (Tintingan Folklor)*

- Moleong, J. Lexi. 2011. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Mulyana. 1987. *Demokrasi dalam Budaya Lokal*. Yogyakarta : PT. Tiara Wacana
- Pierce. 2007. *Pierce's Theory of Signs*. T. L. Short.
- Purwadi. 2004. *Folklor Jawa*. Yogyakarta : Pura Pustaka.
- Poerwadarminta. 1939. *Baoesastra Djawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.
- Rendra. 1984. *Mempertimbangkan Tradisi*. Jakarta: Gramedia.
- Sudarmanto. 2013. *Kamus Lengkap Bahasa Jawa*. Semarang : Widya Karya
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: UNESA Unipress dan Cipta Wacana.
- Soekanto, Soerjono. 2010. *Sosiologi Suatu Pengantar*. Jakarta: PT. Raja Grafiika Persada.
- Sukarman. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa*. Surabaya: Unesa Press.
- Suwarni, Wahyu. 2006. *Bahan Ajar Dasar-Dasar Upacara Adat*. Surabaya : Unesa Press.
- Spradley, James P. 1997. *Metode Etnografi*. Yogyakarta: PT. Tiara Wacana.
- Tim ISBD UNESA. 2008. *Ilmu Sosial Budaya Dasar*. Surabaya. Unesa Press.
- Tim Penyusun. 2005. *Buku Panduan Penulisan Skripsi Fakultas Bahasa dan Seni UNESA*. Surabaya : Unesa Press.
- Tim Penyusun Balai Pustaka Jakarta. 2006. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.